

Mande'm a de Limyè ak Lazè!

Jodi a, yon enstriktè de Mize Discovery nan Acton te vizite nan klas mwen e li te fè yon pwogram manyèl sou limyè ak lazè.

Mande'm sou enpe nan diferans ant limyè "blan" ak limyè lazè. Mwen kapab di'w poukisa lazè kapab sèvi pou operasyon nan je ki delika, koupe ak presizyon ak travay desen ki mande anpil atansyon. Ankouraje'm pou'm pale'w de konsè limyè lazè ke mwen kreye.

Nou kapab kreye plis amizman limyè ak aktivite sa yo.



Mons Limyè

Eseye eksperimentasyon sa lakay ou pou wè kijan limyè reflete e vwayaje.

Kisa ke ou bezwen:

- yon varyete materyèl ou panse kap reflete limyè ak enpe ke ou pa si de yo
- yon moso papyè oubyen katon
- krayon oubyen makè
- yon flach ki briyan
- yon chanm fè nwa

Kisa pou fè:

1. Teste chak materyèl ak flach la pou wè abilitè reflektif li. Eske okenn materyèl te siprann ou?
2. Sou yon moso papyè, desine yon foto de yon mons e mete li sou yon tab.
3. Vize flach la sou yon objè reflektif e eseye pou bondi limyè de objè a ale sou foto mons lan.
4. Kounye a gade si ou kapab bondi limyè de objè sa a yon lòt objè e de la pou li ale sou mons lan.
5. Sou konbyen imaj reflektiv ou kapab bondi limyè an pou rive sou mons lan? Eske nonb materyèl lan fè yon diferans ant nonb de fwa ke ou bondi limyè an?

